

Si w dakò fè sa, Bondye deklare wa sove. Gen anpil moun ki kwè yo pa enpòtan pou Bondye, men sa se yon manti. Ou se kreyasyon Bondye ki pi enpòtan sou tè sa, epi Bondye pwouve sa lè l te voye Pitit Gason l lan pou l mouri nan plas w. Si w dakò konfye nan Kris kòm Sovè w, pouki w pa pran yon ti moman epi remesi l pou swen li ba w epi mande l antre nan kè w ? Se pou priyè sa sòti nan fòn kè w ak tout imilite e onetete.

Si ti bwochi sa te ede w vin jwenn Kris, souple pase vizite nou pou nou kapab ankouraje w nan desizyon sa ou fenk fè a.



P.O. BOX 609 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535  
WWW.HOPETRACTS.ORG  
What Is The Most Important Thing? (Haitian Creole) Tract 465

## Kisa ki pi enpòtan nan lemonn?



Kisa Bondye konsidere kòm bagay ki pi enpòtan nan lemond? Eske w konn panse sou sa? Kisa ki tire atansyon de Dye? Eske se lajan ou lò? Eske se richès lòm ou bèlte? Eske se pèsonalite moun oubyen bèl prezans e seremoni politisyen yo? Eske se sajes syantis la oubyen diskou yon gran oratè? Eske se kampis yon inivèsite renome? Aktyèlman, Bondye pa konsidere bagay sa enpòtan!

Bib la pale verite a lè l di, "Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an." (Jan 3:16) Epi tou, li di, "Moun Bondye voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l' delivre yo." (Lik 19:10) Bondye di ankò, "Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a." (Women 3:23) Epi, "Kris la pa t' janm fè okenn peche, men Bondye fè l' pran sò nou sou li, yo trete l' tankou yon moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras." (2 Korentyen 5:21) Si nou reflechi sou sa avèk tout senserite, fòk nou konkli ke se lòm ki pi enpòtan pou Bondye. Se poutèt sa, Bondye vle pou chak gason e chak fi nan mond sa, jenn kou granmoun, resevwa levanjil la. Senyè a te fè plase nan men w ti bwochi sa, ki genyen kèk vèsè bibliik ladann l, pou w ta li epi frape pa mesaj li.

Zanmi, "Senyè a pa pran twòp reta pou kenbe pwomès li yo, jan kèk moun kwè a. Okontrè, se pasyans l'ap pran ak nou, paske li pa ta renmen pesonn peri, li ta vle pou tout moun tounen vin jwenn li." (2 Pyè 3:9)

Ou se yon moun ki enpòtan. Se Bondye sèl ki konnen jan syèl la dou epi lanfè terib. Se Bondye sèl ki kapab sove w nan lanfè epi mennen w ale nan syèl. Piga w kite pèsonn di w ke ou pa vo anyen, paske Bondye mete yon si gran valè sou vi w. "Kisa sa ta sèvi yon moun pou li ta genyen lemond antye si l' pèdi lavi li Ou ankò, kisa yon nonm kapab bay pou l' gen lavi?" (Mak 8:36, 37) Se w menm ki pi enpòtan pou Bondye, epi li deja ba w tout sa l kapab pou garanti w yon chans pase tout etènite nan syèl.

Jezi te di nan Jan 1:12, "Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye." Eske w'ap resevwa li?

Jezi te di yon lòt bagay nan Matye 11:28, " Vini jwenn mwenn, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou." Eske w'ap vin jwenn li? Bib la di nan Women 10:9, 10, 13, "Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans." Eske w'ap kwè nan kè w ke Bondye te voye Jezi mouri sou kwa a pou peche w yo, te antere, epi te leve soti vivan pami mò yo pou fè w jis devan Bondye? Avèk bouch w, èske w dakò di sa devan tout moun?